

Bel pou Ayiti

Rasanble pou nou deside
Fè lanati pi bèl
Yon manyè pou timoun vanse
Chak jou nan jwe ak toutrèl
Rasanble pou nou tout dakò
Fè lanati pi bèl
Pou lavni, yon demen miyò
Se nou tout ansanm pou ki met men

Kriye bèl bèl pou Ayiti
Bay timoun plante bwa
Fè lanati fleri
Se lawouze lespwa

Chante bèl bèl pou Ayiti
Rasanble fòs ravinn
Pou simen lesperans
Yon Ayiti pi bèl

Ann fè desann dlo larivyè
Pou latè ka pi djanm
Koupe pye bwa se lamizè
Se detwi lavi, se limen flanm
Lanati se jaden tout pèp
Se kay zannimo vivan
Jou nou sispan pikel kon gèp
Lavi sou latè va vinn pi bèl

Kriye bèl bèl pou Ayiti
Bay timoun plante bwa
Fè lanati fleri
Se lawouze lespwa

Chante bèl bèl pou Ayiti
Rasanble fòs ravinn
Pou simen lesperans
Yon Ayiti pi bèl

Kriye bèl bèl pou Ayiti
Bay timoun plante bwa
Fè lanati fleri
Se lawouze lespwa

Chante bèl bèl pou Ayiti
Rasanble fòs ravinn
Pou simen lesperans
Yon Ayiti pi bèl

Jonathan JULIEN - Entraide et Fraternité (2020)

De la beauté pour Haïti

Rassemblons-nous pour décider
De rendre la nature plus belle
Ainsi les enfants iront de l'avant
Chaque jour en dansant avec les oiseaux
Mettons-nous tous d'accord
Pour rendre la nature plus belle
Pour un avenir et un lendemain meilleurs
Joignons tous ensemble nos mains

Acclamons la beauté d'Haïti
Offrons des arbres aux enfants
Faire fleurir la nature
C'est arroser l'espoir

Chantons la beauté d'Haïti
Rassemblons les forces des ravines
Pour semer l'espérance
D'une Haïti plus belle

Laissons couler l'eau des rivières
Pour que la terre soit plus forte
Abattre les arbres, c'est la misère
C'est détruire la vie, c'est mettre le feu
La nature est le jardin de tous les peuples
C'est la maison des animaux vivants
Quand on cessera d'endiguer la nature
La vie sur cette terre sera plus belle

Acclamons la beauté d'Haïti
Faisons planter des arbres aux enfants
Faire fleurir la nature
C'est arroser l'espoir

Chantons la beauté d'Haïti
Rassemblons les forces des ravines
Pour semer l'espérance
D'une Haïti plus belle

Acclamons la beauté d'Haïti
Faisons planter des arbres aux enfants
Faire fleurir la nature
C'est arroser l'espoir

Chantons la beauté d'Haïti
Rassemblons les forces des ravines
Pour semer l'espérance
D'une Haïti plus belle

Jonathan JULIEN - Entraide et Fraternité (2020)